



Pou Piblikasyon Imedya: 21/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PWOJÈ TRANSFÒMATÈ POU ONEIDA NAN KAD INISYATIV REVITALIZASYON ANBA LAVIL 10 MILYON DOLA A

Uit pwojè revitalizasyon anba lavil ogmante abilite pou pyeton ak siklis Vil la, ogmante opòtinite biznis ak lojman ak amelyore espas piblik ak ekipman

Reprezantasyon grafik pwojè yo disponib [isit la](#)

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse uit pwojè transfòmasyonèl nan Vil Oneida nan kad prim sibvansyon 10 milyon dola Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) la. Prim yo ap eksplwate resous istorik rich kominote a pou kreye plis opòtinite lojman ak opòtinite biznis.

"Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil nou an bay finansman enpòtan ki asire biznis New York nou yo pwospere nan kominote lokal nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare.**

"Finansman devlopman ekonomik sa a ki nesèsè anpil la bay Vil Oneida yon opòtinite inik pou revitalize anba lavil la epi atire nouvo investisman ekonomik nan zòn nan. Mwen pa ka tann pou mwen swiv pwogrè Vil la ak enpak efò devlopman ekonomik lokal nou yo pral kontinye genyen sou kreyasyon djòb ak transfòmasyon kominotè atravè eta a."

Vil Oneida te devlope ak grandi ozalantou ekspansyon Sistèm Kanal Eta New York la nan ane 1830 yo epi li kontinye mete aksan sou eritaj Kanal li a kòm yon katalizè pou kwasans, touris ak kalite lavi. Anbalavil vil la ki dens, ki favorab pou pyeton gen anpil resous istorik ak achitektirèl pou konstwi rezijans li. Revitalizasyon Oneida konsantre sou amelyore pak li yo, ekipman piblik yo ak enfrastrikti lari yo epi kreye nouvo espas pou itilizasyon mik.

Investisman yo fè pati efò Gouvènè a k ap kontinye pou revitalize ekonomi rejyon nò Eta a epi kreye plis opòtinite pou Rejyon New York Santral la. Se Depatman Eta k ap dirije DRI ki bay asistans teknik pandan chak kominote k ap patisipe yo ap devlope yon Plan Investisman Estratejik ki idantifye pwojè espesifik avèk yon vizyon inik pou revitalizasyon zòn anba lavil la.

Pwojè presi k ap finance atravè DRI yo sipòte plizyè objektif ak estrateji ki genyen nan Plan Investisman Estratejik kominote a, tankou - ogmante abilite vil la pou pyeton ak

bisiklèt; elaji opòtinite biznis ak lojman nan redevlope ak re-itilize bilding ki egziste deja yo; ak amelyore espas piblik ak ekipman yo. Investisman 9.7 milyon dola Eta a nan pwojè sa yo atravè DRI a ap ogmante investisman piblik ak prive siplemantè yo pandan pwosesis revitalizasyon an ap kontinye epi pran anplè.

Pwojè yo gen ladan:

Ogmante abilite vil la pou pyeton ak bisiklèt

Amelyore enfrastrikti anba lavil ak peyizaj lari - Prim DRI: 1,521,000 dola

Amelyore peyizaj lari ak pave nan kèk pati nan Main St., Broad St., Madison St., Farrier Ave. ak Vanderbilt Ave., ak enfrastrikti pou bisiklèt k ap ajoute nan Sconodoa St.

Ogmante opòtinite pou biznis ak lojman nan redevlope ak re-itilize bilding ki deja egziste yo

Re-imaginer otèl vid Oneida - Prim DRI: 2,900,000 dola

Reyabilite otèl anblematik la pou bay nouvo espas pou itilizasyon miks anba vil la ki gen ladan plizyè apatman, yon restoran/ba ak yon espas resepsyon.

Restore ak amelyore Bilding Devereaux a- Prim DRI: 1,569,000 dola

Retabli ak modènize bilding Devereaux pou li vin tounen yon redevlopman rezidansyèl, ki gen espas pou vann an detay ak espas komèsyal pou itilizasyon miks.

Redevlopman Building Lerman lan pou itilizasyon komèsyal ak rezidansyèl - Prim DRI: 1,141,000

Redevlopman yon bilding ki pa itilize ase pou pwofite tout 20,000 pye kare a, ki gen ladan kreyasyon apatman ak espas komèsyal ki gen fòm kay lavil, epi elaji espas Travay an Komen Oneida ki egziste deja a pou genyen nouvo biwo ak yon sal konferans.

Devlope yon Fon Asistans pou Biznis Anba Lavil - Prim DRI: 600,000 dola

Kreye yon fon sibvansyon kontrepati pou amelyorasyon fasad ak amelyorasyon enteryè, ki gen ladan ekipman lou ak enstalasyon pèmanan yo. Se Konte Madison ki pral jere fon an.

Etabli yon Distri sipèpozisyon zonaj ki baze sou Fòmilè - Prim DRI: 100,000 dola

Kreye yon kòd ki baze sou fòmilè ak distri sipèpozisyon pou zòn DRI a pou asire devlopman alavni yo satisfè entansyon estetik vil la.

Amelyore espas piblik ak ekipman yo

Amelyore enstalasyon nan Pak Memoryal Veteran (Veteran's Memorial Park) - Prim DRI: 1,059,000 dola

Enstale yon jè douchan ADA ak yon lakou Pickleball sou kanpis Teren Veteran epi aplike reparasyon/amelyorasyon pou enstalasyon twalèt yo. Devlope yon nouvo zòn memoryal nan Teren Memoryal Veteran an pou onore veteran ki soti nan divès fòs ame.

Devlope Teren Foutbòl Òganizasyon Foutbòl pou Jèn nan Zòn (Area Youth Soccer Organization, AYSO) lan - Prim DRI: 760,000 dola

Bati teren foutbòl ak zòn pakin sou ansyen sit inondasyon yo pou ankouraje espò nan zòn anba lavil la. FEMA deja apwouve itilizasyon sa yo k ap konstwi sou sit sa a.

Sekretè Deta nan New York, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Inisyativ

Revitalizasyon Anba Lavil New York la ap fè investisman estratejik nan katye anba lavil ki konpak, ki favorab pou pyeton tankou Vil Oneida pou ankouraje kwasans ekonomik ak amelyore kalite lavi pou rezidan toupatou nan Eta a. 10 milyon dola ke yo akòde bay Oneida pral finanse pwojè kominotè ki mete aksan sou eritaj Kanal Vil la ak distri istorik li yo deziyen nan domèn nasyonal la lè yo re-itilize bilding anblemantik ki vid ak bilding ki pa itilize ase yo tankou Otèl Oneida ak Bilding Devereaux a an espas pou itilizasyon miks ki bay lojman ak espas pou rasanbleman piblik. Mwen pa ka tann pou mwen wè siksè pwojè sa yo ak kijan y ap afekte kominote a yon fason pozitif."

Direktè Canal Corporation Eta New York, Brian U. Stratton, te deklare, "Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la se yon egzanp briyan sou sa kominote yo ka fè lè yo kwè nan tèt yo, epi pandan n ap rebati apre pandemi an, pwogram sa a ap pote yon sans espwa renouvle nan kote tankou Oneida. DRI reprezante yon estrateji 'planifye-ansuit-aji' san parèy ak inovan ki asosye planifikasyon estratejik ak aplikasyon imedya, sa ki lakòz anbalavil favorab pou pyeton ki se kle pou relanse ekonomi lokal yo. Uit pwojè Oneida yo te anonse jodi a montre plis angajman administrasyon Gouvènè Hochul te pran pou pati nò New York."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Sistèm kanal Eta New York ki ap grandi a te ankouraje kwasans anteryè Oneida, epi uit pwojè DRI ki pote transfòmasyon sa yo pral sèvi pou ranfòse kouran ekonomik vil la. Retabli, kreye ak anbeli kote pou viv travay ak jwe pral kle nan siksè Oneida, alafwa kounye a ak pou lavni."

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) nan Eta New York, te deklare, "Uit pwojè sa yo nan Oneida konsantre sou ranfòse ak amelyore ekipman piblik yo, opòtinite lwazi, ak resous komèsyal ak lojman. Pwojè yo konplete istwa rich Oneida, bèl litoral, ak anba lavil ki favorab pou pyeton. Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la pral ede kreye yon anvivonman ki pi kowesif ki ofri anrichisman ak opòtinite pou rezidan yo ak vizitè yo, ak yon chans pou wè plan estratejik anbisye vil la reyalize. Felisitasyon!"

Senatè Eta a, Rachel May, te deklare, "Se yon trè bon nouvèl ke Vil Oneida te seleksyone pou resevwa finansman nan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la. Investisman sa a pou amelyore mache ak aksè ak bisiklèt pral ede kreye travay, kenbe rezidan yo, amelyore opòtinite biznis yo ak ogmante kalite lavi pou tout moun. Pwojè sa

yo pral ajoute sou yon espas anba lavil ki deja vibran e ki enteresan. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak Konsèy sou Devlopman Ekonomik Rejyonal la dèske yo seleksyone Oneida".

Majistra Vil Oneida, Helen Acker, te deklare, "Nou kontan anpil ak anons pwojè yo finanse pou DRI Oneida. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Kathy Hochul pou investisman li nan avni anba lavil Oneida. Avèk konbinezon alafwa patenarya gouvènman an ak patenarya prive, sa a se sèl pi gwo investisman nan istwa Oneida a. Sa se yon faktè ki chanje jwèt la pou vil nou an. Mwen ta renmen remèsye tou Komite Planifikasyon Lokal nou an, Depatman Planifikasyon Oneida, Depatman Deta ak REDC New York Santral la."

Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil

DRI Eta New York, yon poto mitan pwogram devlopman ekonomik, transfòme katye anba lavil yo pou tounen sant aktivite dinamik ki ofri yon kalite lavi elve ak atire reyamenajman, biznis, kreyasyon travay ak divèsite ekonomik ak lojman. DRI, ke Depatman Eta a avèk asistans Empire State Development, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote ak NYSERDA dirije, reprezante yon estrateji san parèy ak inovatè "planifye-answit-aji" ki mete ansanm planifikasyon estratejik avèk egzekisyon imedyat ak mennen nan anba lavil konpak, adapte pou mache ki se engredyan kle nan ede Eta New York rebati ekonomi li apre enpak pandemi COVID-19 la, epitou nan reyalize objektif odasye Eta a nan zafè klima gras a pwomosyon itilizasyon transpò piblik ak rediksyon depandans sou machin prive. Plis enfòmasyon sou DRI a disponib [isit la](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)